

## AVI ODYANS PIBLIK

Avi Piblik ki fè konnen Divizyon Lojman ak Renouvèlman Kominote Eta Nouyòk (DHCR) pral fè yon odyans piblik nan Yonkers Riverfront Library, 1 Larkin Center, 2<sup>nd</sup> Floor, Yonkers, New York 10701 Madi, 15 Novanm, 2022 ak nan Peter J. Schmitt Memorial Legislative Chamber, 1<sup>st</sup> Floor, Theodore Roosevelt Executive and Legislative Building, 1550 Franklin Avenue, Mineola, New York 11501. Odyans lan pral fèt sòti 10:00 am pou rive 2:00 pm.

Odyans sa a ap fèt pou bay pati ki reglèmante yo ak manm konsèn nan piblik jeneral la yon okazyon pou eksprime opinyon yo sou chanjman DHCR nan Règleman sou Pwoteksyon Lokatè ann Ijans pou Eta Nouyòk ak Règleman sou Lwaye ak Pwosesis pou mete moun deyò nan kay nan Eta Nouyòk la. Men seksyon nan règleman k ap chanje yo: 9 NYCRR §2100.1; §2100.2; §2100.9; §2100.15; §2100.18; §2102.1; §2102.3; §2102.10; §2103.4; §2104.3; §2104.4; 2104.5; 2104.6; §2106.1; 2108.10; §2110.2; §2110.3; §2110.4; §2110.5; §2110.6; §2110.7; §2110.8 and 9 NYCRR §2500.2(d), (h), (o) (q); §2500.5; §2500.6; §2500.9 (c), (e), (f), (j), (k), (l),(m), (n), (s); §2501.1 (c); §2501.2 (c), (d), (e); §2502.2; 2502.3; 2502.4; §2502.5 (d); §2502.6; §2502.7 (a), (b), (c); §2502.8 (b)(3); §2503.1; §2503.4 (a), (e), (f); §2503.5 (d), (f); §2503.7 (a), (b); §2504.3 (d), §2504.4 (a), (d) (e), (f); §2506.1; §2507.2; §2507.3 (a); §2507.4; §2507.5; §2508.1 (a), (e); §2509.1; §2509.3; §2510.3; §2510.9; §2510.11; §2511.1; §2511.2; §2511.3; §2511.4; §2511.5; §2511.6; §2511.7; §2511.8; §2511.9. Chanjman sa yo reflète modifikasyon nan divès dispozisyon enpòtan e ki gen rapò ak pwosedi yo konsènan kesyon tankou: anilasyon règleman, depans anplis, reyadaptasyon enpòtan, demolisyon, dwa siksesyon, amelyorasyon apatman endividyèl, ak dispozisyon ki gen rapò ak gwo amelyorasyon nan imobilizasyon ki baze sou Lwa 2019 sou Stabilite Lojman ak Pwoteksyon Lokatè yo, Ch. 36 Lwa 2019 yo ("HSTPA"), ak Ch. 39 Lwa 2019 yo ak pwòp eksperyans DHCR nan jesyon, ak dosye tribinal ki te tranche depi dènye seri chanjman nan règleman sa yo nan lane 2014.

Pre-enskripsyon oratè yo konseye. Moun ki vle enskri alavans ka rele biwo Michael Berrios la nan (718) 262-4816 epi di nan ki moman yo vle pale nan odyans lan e kiyès yo reprezante. Oratè pre-anrejistre ki te rezève yon tan pou pale, yo pral gen pou tande yonan apeprè tan sa a. Oratè ki enskri jou a nan odyans lan yo pral tande yo nan lòd pou enskripsyon nan moman sa yo pa t deja rezève pa oratè pre-anrejistre yo. Moun yo ap gen senk minit pou yo pale pou yo plis moun posib ka gen chans pou yo fè tande vwa yo. Moun k ap pran lapawòl yo dwe prepare yo pou yo bay ofisyèl DHCR la kopi sa yo pral di a. Odyans lan pral fini lè tout oratè anrejistre ki prezan nan odyans lan fin pale.

DHCR ap aksepte tou temwayaj ekri yo bay anvan odyans lan fini. Yo ka voye yo alavans tou nan Michael Berrios, Division of Housing and Community Renewal, 92-31 Union Hall Street, 6<sup>th</sup> Floor, Jamaica, New York, 11433 (718) 262-4816 oswa pa imel nan [2022RentRegulationComments@hcr.ny.gov](mailto:2022RentRegulationComments@hcr.ny.gov).